# Enfòmasyon Enpòtan pou Klas 3yèm Ane

## *Meziman Lineyè avèk Done*

Chè Fanmi,

Klas nou an ap kòmanse dènye inite detid nan matematik la anvan nou kòmanse revize kontni klas 3yèm ane yo. Inite sa rele *Meziman Lineyè avèk Done*. Nan inite detid sa, elèv pral travay sou reprezantasyon done epi rezoud pwoblèm kote yo pral itilize grafik a ba gradye ak piktogram gradye. Answit elèv pral jenere done meziman pi pre demi pous ak yon ka pous epi reprezante done nan yon liy ak pwen. Objekti enstriktif espesifik ke pitit ou pral travay sou yo a nan lis anba avèk eganp ki montre konpreyansyon elèv nan chak objektif enstriktif.

<table>
<tr><th colspan="2">Objektif Enstriktif: Trase yon grafik a imaj gradye epi analize grafik a ba gradye.</th></tr>
<tr><th>Eganp Pwoblèm</th><th>Egzanp sou Solisyon Elèv</th></tr>
<tr><td>Esther te kondui yon sondaj e li te kolekte done sou kondisip klas 3yèm ane li yo. Kòman Esther reprezante done li nan yon grafik ba? Apre 1, ki entèval li te kapab itilize pou reprezante done yo?</td><td>Lè m te kòmanse fè balans yo, mwen te reyalize ke entèval 1, oswa 2 tapral fè grafik ba a twò laj. Si m te itilize yon entèval 10, li tapral di pou m konnen konbyen moun ki te vote, alò m te itilize yon entèval 5.<br>
</td></tr>
<tr><td>Itilize enfòmasyon nan tablo anba a pou kreye yon grafik a ba gradye ki reprezante done yo.
<table>
<tr><th colspan="2">Touchdown ki fèt nan Ti Lig Foutbòl Ameriken</th></tr>
<tr><td>Bears</td><td>20</td></tr>
<tr><td>Cardinals</td><td>8</td></tr>
<tr><td>Hawks</td><td>24</td></tr>
<tr><td>Lions</td><td>12</td></tr>
<tr><td>Tigers</td><td>16</td></tr>
</table></td><td>
<br>Mwen kapab itilize yon imaj pou reprezante done yo! Tout rezilta yo se yon miltip 4, alò chak boul kapab reprezante 4 touchdown. Grafik imaj la ede m wè fasilman ke Hawk yo te akonpli 4 touchdown anplis Bear yo e Cardinal yo akonpli 8 touchdown mwenske Tiger yo.</td></tr>
</table>

**Objektif Enstrikstif:** Mezire objè pi pre demi pous ak yon ka pous epi trase yon liy avèk pwen pou montre done yo a.

| Egzanp Pwoblèm | Egzanp sou Solisyon Elèv |
|---|---|
| Se jou Pwomnad nan Lekòl Elemantè Sunshine! Lè yo ap patisipe nan so a longè estanda a, klas la dwe mezire chak so to pre yon ka pous. Yo dwe anrejistre senk so ki pi long nan klas yo a nan tab la epi make yo nan liy ak pwen an. | (see table and line plot below) |

| Top 5 Student Jumpers in Mrs. Tandy's Class | Jump Length in Inches |
|---|---|
| Micah | $18\frac{1}{2}$ |
| Nori | $17\frac{1}{4}$ |
| Thomas | $18\frac{1}{2}$ |
| Bertan | $16\frac{3}{4}$ |
| Kimber | $18\frac{1}{4}$ |

Top 5 Student Jumpers




**Objektif Enstriktif:** Jistifye panse li epi esksplike poukisa li dakò oswa dezakò avèk lòt.

Bagay ou kapab fè lakay pou sipòte pitit ou nan inite detid sa:

**Envestige yon Sijè**
Panse sou yon kesyon ou vle reponn sou yon bagay nan kay oswa nan katye ou. Kolekte done ki pral ba ou kèk enfòmasyon sou kesyon ou a. Yon kesyon envestigatif ta kapab "Konbyen dlo fanmi nou an itilize nan yon jou?" Ansanm avèk pitit ou an, planifye metòd pou kolekte done yo. Fè yon prediksyon sou sa ou pral reyalize. Apre ou fin kolekte done ou, pran yon tan pou ou obsève l atantivman. Eske genyen yon atik ki etone w sou done ou kolekte yo? Eske done yo demontre enfòmasyon ki itil oswa enteresan sou dlo ke fanmi ou itilize? Pitit ou a kapab vle kreye kèk mwayen pou reprezante done yo. Men kèk lòt kesyon ou kapab envestige "Konbyen tan nou fè ap gade televizyon?" oswa "Eske machin kanpe nan siy pou kanpe a alafen ri nou an?"

**Done avèk Medya**
Chèche egzanp grafik nan jounal ak magazin. Pale avèk pitit ou sou kisa grafik sayo reprezante. Kisa grafik sayo eksplike? Diskite ki chwa moun ki fè grafik la te fè epi poukisa moun ki fè grafik la te fè chwa sayo. Ki lòt chwa ou tap fè si ou tap kreye yon grafik pou reprezante done sayo?